# Predatè sou Entènèt



## Kisa yon predatè sou entènèt ye?

Yon predatè sou entènèt se yon moun k ap chèche antre an kontak avèk timoun ak adolesan sou entènèt la abize oswa eksplwate yo.

### 6 Siy Avètisman

- Li pale mal sou zanmi w oswa fanmi w
- Kè li cho pou l zanmi avèk ou
- Li mande w foto
- Li toujou ap poze w kesyon oswa mande w detay sou lavi w
- Li ba w kado
- Li evite pataje enfòmasyon sou li

[1]

## Ki konpòtman predatè sou entènèt yo genyen?

### Sou Rezo Sosyal

- Yo sanble gen menm enterè
- Yo toujou aktif oswa yo toujou ap fè piblikasyon
- Yo sanble pa gen pwoblèm lajan
- Yo gen anpil oswa kèk grenn moun k ap suiv yo
- Yo fè kòmantè lè w fè piblikasyon
- Yo ka retire kò si yo santi w ba yo distans

### Nan Jwèt sou Òdinatè ak Jwèt Videyo

- Yo toujou aktif nan sal datant yo/antre bilding yo
- Yo voye mesaj ba ou oswa yo tchat avèk ou anvan
- Yo ekri w nan salon tchat prive yo
- Relasyon an pwogrese vit
- Yo ka retire kò si yo santi w ba yo distans
- Yo sanble gen menm enterè
- Yo eseye fè w kite sijè jwèt la



## Kisa Pwosesis Predasyon Sekyèl Anliy nan Ye?

"Predasyon Seksyèl" la se yon seri konpòtman manipilatè yon agresè itilize pou li jwenn yon viktim potansyèl, fòse li aksepte abi a, epi diminye risk pou yo kenbe li.

1. Chwa viktim nan
2. Kreye konfyans epi fè yon jan pou zafè kenbe sekrè a vin nòmal
3. Jwenn viktim nan epi izole l
4. Fè sije ki pa apwopriye tankou sèks pa deranje viktim nan
5. Eseye rann konpòtman an nòmal pou moun pa sispèk



## Kijan predatè yo twonpe moun sou entènèt?

Entèlijans atifisyèl kapab kreye foto ki gen kèk karakteristik fizik espesifik, ansanm avèk vwa pou moun ka regle zafè magouy.




### Magouy sou entènèt

Men foto mwen. Èske w vle nou rankontre?

M ap voye yon mesaj vokal ba ou pou w ka kwè se mwen toutbon. Apresa, nou kapab pale plis sou zafè pèsonèl.

### Sextorsion

Mwen te fè yon eskrinchòt ou k ap chanje rad pandan nou t ap tchat nan videyo. M ap pibliye li si w pa fè sa m di w la.

M ap voye foto entim ou bay tout moun nan lekòl la si w pa peye m.

[2]